



Pou Piblikasyon Imedya: 21/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GENERAL MOTORS PRAL ENVESTI APEPRÈ 154 MILYON DOLA NAN IZIN LOCKPORT LA POU PWODIKSYON KONPOZAN MOTÈ ELEKTRIIK

Renovasyon nan enstalasyon Konte Niagara a pral kòmanse touswit

Ede redui anprent kabòn New York nan akselere objektif ak disponiblite veyikil elektrik yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plan General Motors yo pou investi apeprè 154 milyon dola nan izin Lockport Components Lwès New York li a. Investisman an pral itilize pou renove enstalasyon an ak achte epi enstale nouvo materyèl ak ekipman ki itilize nan pwodiksyon modil stator, yon konpozan kle nan motè elektrik. Motè elektrik yo pral itilize nan yon seri kamyon ak SUV elektrik alavni ki baze sou Platfòm Ultium. Renovasyon yo nan enstalasyon an ap kòmanse touswit.

"Avèk gwo investisman sa nan enstalasyon Lockport li a, General Motors ap pase nan pwochen etap yo pou fè avanse yon lavni elektrik nèt", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Non sèlman investisman sa bay yon sipò pou ekonomi New York la, men tou sa pral jwe yon wòl enpòtan nan sipòte efò nou yo pou elektrifye sektè transpò a epi redui emisyon gaz ki lakoz efè sè ak polisyon nan lè a ki chanje klima a".

Gerald Johnson, Vis Prezidan Egzekitif GM sou Fabrikasyon Global ak Dirabilite, te deklare, "Investisman GM nan Lockport re-afime angajman nou pou fabrikasyon nan Lwès New York ak konfyans nou nan ekip sa akòz yo pral konstwi yon modil enpòtan nan asanblaj motè elektrik nou pou kamyon ak SUV EV (Veyikil Elektrik). Nou rekonesan pou sipò nou te resewa nan men Eta New York epi te yon faktè enpòtan nan rann investisman sa posib".

Amezi Lockport Components, ki se yon enstalasyon izin sendike ki sitiye nan Upper Mountain Road, prepare pou pwodiksyon konpozan motè elektrik, enstalasyon an pral kontinye devlope yon seri konpozan ki sipòte pwodiksyon kamyon ak SUV aktyèl GM. Lockport Components aktyèlman pwodui radyatè, kondansatè, nwayo chofaj, evaporatè, modil HVAC, refwadisè lwil ak lòt konpozan ki itilize nan yon seri kamyon GM. GM aktyèlman prevwa Lockport Components pral ajoute anviwon 230 pòs ant 2023-2026. Plan pèsònèl reyèl yo pral finalize pi prè kòmansman pwodiksyon an amezi enstalasyon an ap transfòme pou sipòte pwodiksyon konpozan motè EV.

Empire State Development (ESD) pral bay jiska 5.65 milyon dola nan Kredi Enpo pou investisman "vèt" Pwogram Excelsior Jobs an echanj de angajman investisman yo pou fè pwojè a vanse devan.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Hope Knight te deklare, "Endistri otomobil la se yon motè ekonomik enpòtan nan Lwès New York. Renovasyon General Motors yo nan enstalasyon Konte Niagara li a pral ede rejyon an kontinye trase wout avèk pwochen jenerasyon veyikil elektrik yo epi sipòte tranzisyon New York nan ekonomi vèt la".

Eta New York te sipòte tou lokal la atravè alokasyon 18 megawat kouran idwolik bon mache nan kad Pwojè Enèji Niagara Otorite Enèji New York la nan Lewiston.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa NYPA a, Justin E. Driscoll, te deklare, "Desizyon General Motors pou elaji nan Lockport se bòn nouvèl pou Lwès New York. General Motors te yon ansyen kliyan kouran idwolik Otorite Enèji (Power Authority), kidonk, li eksite pou wè antrepriz la kontinye grandi ak kreye travay nan rejyon an".

Lockport Components te fonde an 1910 antan ke Harrison Radiator Company pou objektif konsepsyon, fabrikasyon ak lavant radyatè ak konpozan otomobil yo. Avèk 1,500 anplwaye, sit la konsantre sou amelyorasyon pèmanan atravè yon pwosesis ekip kolektif ant UAW Lokal 686, Lokal #55 ak jesyon izin.

Senatè Robert Ortt te deklare, "Mwen kontan ke General Motors ap re-afime investisman li nan moun ak vil Lockport avèk anons jodi a. Lwès New York kapab ak dwe kontinye yon lidè nan bay bon travay nan fabrikasyon, inovasyon pou ekonomi alavni nou an ak yon kote eksitan pou kreye fanmi".

Manm Asanble Michael Norris te deklare, "General Motors ak Harrison Radiator te yon baz esansyèl nan kominote Lockport nou an ak rejyon Lwès New York atravè plizyè jenerasyon anplwaye ki travay di ak devwe ak inovasyon remakab nan endistri a. General Motors, atravè gwo investisman sa nan Izin Lockport lan, te renouvle angajman li nan rejyon nou an ak mendèv la, sa ki rann Izin Lockport la yon pati esansyèl nan pwochen jenerasyon inovasyon nan sektè otomobil la. Mwen ta renmen voye apresyasyon sensè mwen bay General Motors ak mendèv li pou lidèchip solid ak alontèm li ak istwa nan Lockport ak Lwès New York epi mwen pa ka tann pou kontinye sipòte ekip la ak inisyativ ekonomik yo ki pral kenbe ak devlope travay ki byen peye nan rejyon nou an pandan pwochen chapit eksitan sa kòmanse".

Enfòmasyon sou General Motors

General Motors (NYSE:GM) se yon konpayi global ki konsantre sou fè avanse yon lavni elektrik nèt ki enklizif ak aksesib pou tout moun. Nan kè estrateji sa a gen platfòm batri Ultium lan, ki alimante tout bagay, soti nan pou mas rive nan veyikil gwo pèfòmans yo. General Motors, filyal li yo ak ko-antrepriz yo vann veyikil ak mak

[Chevrolet](#), [Buick](#), [GMC](#), [Cadillac](#), [Baojun](#) and [Wuling](#). Gen plis enfòmasyon sou konpayi an ak filyal li yo, ki enkli [OnStar](#), yon lidè global nan sekirite verikil ak sèvis sekirite, ke ou kapab jwenn nan <https://www.gm.com>.

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon “I LOVE NY”, mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, tanpri ale sou Entènèt nan sitwèb www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)